

LEGENDS ACADEMY

PLAN AMELYORASYON LEKÒL AK PÈFÒMANS AKADEMIK 2023-2024

Plan amelyorasyon lekòl nou se yon dokiman dinamik ke nou revize plizyè fwa pandan ane a. Premye faz pwosesis amelyorasyon lekòl nou an ap defini fòs ak feblès pwogram enstriksyon aktyèl nou. Li pèmèt nou identifye domèn kote nou ta dwe investi tan ak resous epi kolekte sipò enstriksyon anplis.

1. Deklarasyon Misyon lekòl la

Nou kwè ke tout etidyan ka aprann epi vin yon manm ki gen siksè nan sosyete a. Legends Academy pral bay pwogram edikatif ak sèvis ki ankouraje siksè akademik ak byennèt, ki pèmèt etidyan yo maksimize potansyèl yo pou yo vin manm ki kontribye nan kominote yo.

2. Done Akademik pou 3 ane ki pi resan yo

ANE LEKÒL LA	AKONPLISMAN Pousantaj etidyan ki satisfè oswa depase estanda nivo klas yo			KVASANS Pousantaj etidyan ki fè pwogrè aprantisaj		KVASANS KI PI BA PASE 25% Pousantaj etidyan ki fè pwogrè aprantisaj ki pi ba		NÒT LEKÒL LA
	Lekti	Matematik	Syans	Lekti	Matematik	Lekti	Matematik	

FSA 2021	33	26	17	37	29	39	21	N/A
FSA 2022	39	46	23	48	76	39	77	C
FSA 2023	39	53	21	NYA	NYA	NYA	NYA	NYA

3. Objektif Reyalizasyon elèv yo ki nan kontra oswa nan dènve kontra Plan Amelyorasyon Lekòl la moun ki patwone a te apwove.

“Bon Kòz” pou kontra ki pa renouvle oswa ki revoke gen ladan li yon avi espesifik alekri ak yon opòtinite si mwa pou korije nenpòt defisyans (yo), malgre nenpòt lòt dispozisyon, li posib tou pou lekòl la bay yon rezilta ki egal oswa plis pase pa lòt lekòl ki genyen yon gwoup demografik ki menm jan. Tablo ki anba a konpare siksè akademik Legends Academy ak lekòl ki menm jan nan Orlando’s Urban Corridor. Yo te chwazi yo paske yo sèvi yon gwoup demografik etidyan ki menm jan an epi ki baze sou yon endèks bezwen entèn ki kalkile. Kounye a, rezilta nou konparab ak lekòl ki menm jan.

PRENTAN FSA 2023 KONPAREZON RAPÒ LEKÒL															
	ELA						MATH						ALG	SYA NS	SS
Non Lekòl la	3 rd	4 th	5 th	6 th	7 th	8 th	3 rd	4 th	5 th	6 th	7 th	8 th	8 th		
Legends Academy	41	46	27	47	43	42	41	46	47	62	76	50	93	22	48
Washington Shores Elementary	40	52	75				56	64	46					53	
Orange Center Elementary	31	57	28				55	79	30					32	
Ivey Lane Elementary	28	40	39				50	47	49					44	
OCPS ACE	19	32	21	19	27	21	23	39 27	26	17	25	36	46	23	36
Carver Middle				18	22	34				32	22	33	87	30	38

4. Analiz done pèfòmans elèv, ak pèfòmans akademik nan chak kategori.

Nou se yon ti lekòl ak yon popilasyon omojèn, ak apeprè 90% popilasyon lekòl nou an Nwa epi kalifye pou manje Gratis/Redwi. Anplis, pi piti pase 10 elèv klasifye tankou ESE oswa ESOL nan evalyasyon nòt.

Done detaye pa ras/ orijin etnisite/manje Gratis/ Redwi. ESE ak/oswa ESOL kapab ede idantifye kèk elèv.

5. Plan detaye pou adrese chak defisyans ki idantifye nan pèfòmans elèv yo, ki gen ladan li aksyon espesifik, moun ki responsab, resous ki nesèsè, ak delè

OBJEKTIF: Amelyore pèfòmans akademik ak pwogrè aprantisaj

Estrateji jeneral: Pwolonje jounen lekòl la nan fè diferans chak jou nan « Aprann nan kay »

Sesyon Akademik ak Pwofesè klas la

Lè nou ajoute 30 minit nan jounen lekòl nou an atravè sipò ki konsantre sou konpetans akademik sa pral etidyan ki idantifye yo resevwa ansèyman lekti ak/oswa matematik ki diferan.

Ankadreman pou ede konble defisyans akademik nan Pèfòmans Etidyan yo.				
Sa ki manke	Aksyon	Moun Responsab	Resous yo bezwen	Delè
KWASANS ELA	Plan Aksyon A	Dr Porter Smith Ms. Hill, Ms. Kearse, Ms. Harp	SIPPS, Lexia, My Path, Mini Evalyasyon	Kap Kontinye
KWASANS ELA Pi ba pase 25%				
KWASANS Math	Plan Aksyon B	Dr Porter Smith Ms. Hill, Ms. Kearse ak Ms. Harp	My Path, Mini Evalyasyon	Kap Kontinye
KWASANS Math Pi ba pase 25%				

AKSYON PLAN A

Pandan lekti, nou pral kòmanse pa verifye ke rezon ki fè kèk timoun gen difikilte se pa poutèt yon defisi konpetans fondamantal. Pou nou kapab resoud pwoblèm sa, nap itilize pwogram SIPPS la ki soti nan Sant Etid Devlopman an. SIPPS vle di Ansèyman Sistematik nan Fonèm, fonik ak Mo komen. Chak timoun nan klas soti nan matènèl rive nan 3yèm ane, ap resevwa yon evalyasyon plasman pandan ete a oswa nan twa premye semèn lekòl la. Etidyan ki nan klas 4yèm – 5yèm ane pral resevwa yon evalyasyon menm jan an ki rele PLUS, kap tcheke si yo genyen aptitud debaz ki solid. Etidyan yo ke yo mete nan pwogram SIPPS la ap resevwa enstriksyon pandan yap

itilize materyèl SIPPS nan ti gwoup nan tan ke yo mete pou lekti. Pwogram nan gen ladan li eleman lekti tradisyonèl gide ak tèks nivo nan chak leson; sepandan, konpetans fonik yo ap adrese ansanm. Sa ki bon nan evalyasyon plasman an li fè pwofesè yo konnen egzakteman nan ki nimewo leson pou yo kòmanse, pou yo asire ke tout elèv resevwa enstriksyon nan nivo apwopriye yo. Etidyan ki pa plase nan SIPPS la pral resevwa leson lekti ki gide pandan ansèyman ti gwoup, ki konsantre sou estanda ki baze sou konpreyansyon.

Pwogram konpitè gen ladan li My Path pou KG-8, Lexia pou K-5, ak Power-up pou 6-8. Done ki kolekte nan tou le de pwogram konpitè ap ede pwofesè yo nan enstriksyon ak entèvansyon. Nap anboche anplwaye anplis pou asiste nou nan chwazi etidyan pou leson entèvansyon sa yo.

Kalandriye pedagogik nou yo konsantre sou gwoup antye, adrese fondayson lekti, konpreyansyon, vokabilè, ak estanda kominikasyon. Kou nou resevwa nouvo done yo, yap kreye kalandriye oryantasyon ki konsantre sou fòmasyon pou ansèyman lekti an ti gwoup ki baze sou bezwen etidyan yo, kèk ladan yo pral fondamantal ak lòt yo pral baze sou konpreyansyon. Pou satisfè nòm Langaj Arts Fllorida B.E.S.T., plan redaksyon ane sa a pral konsantre sou etidyan ki reponn a tèks ak ekriti nan naratif, opinyon/agiman, ak jan enfòmatif/eksplikasyon. Kalandriye konsantre ansèyman nou yo alekri enkòpore nòm ki gen rapò ak pwosesis ekriti ak estanda langaj.

Nou pral itilize yon pwogram ki rele *Write Score*. Write Score bay resous pou leson nan diferan nivo pou rive nan bezwen divès etidyan yo. Yo bay plizyè evalyasyon fòmativ pandan ane a pou adrese kapasite naratif, opinion/agiman, ak enfòmatif/eksplikasyon etidyan yo.

Nou pral sèvi ak yon pwogram ki rele *Write Score*. Write Score bay resous leson nan nivo diferan pou satisfè divès bezwen etidyan yo. Yo bay plizyè evalyasyon fòmativ pandan ane a pou adrese kapasite naratif, opinyon/agiman, epi tou kapasite enfòmatif/eksplikatif etidyan yo.

Travay sa yo enplike lekti ak analize plizyè tèks ak kalite medya anvan yo reponn tèks nan yon fòm redaksyon ekri. Evalyasyon adisyonèl yo enkli twa evalyasyon pou mezire kwasans nan kòmansan, nan mitan ak nan fen ane a. Evalyasyon sa yo eplike entelektyèl li yon atik epi sèvi ak pwosesis ekriti a pou reponn a yon kesyon ouvè nan fòm repons pwolonje. Ekri tou enkòpore nan repons a aprantisaj atravè diferan domèn kontni.

Dr Porter-Smith responsab pou ankadre, ba egzanp epi soutyen nan zafè enstriksyon. Dr Porter-Smith ak Ms. Harp ap siveye pwogrè etidyan yo apati reyinyon done. Pwofesè yo responsab pou aplike pi bon pratik yo tout tan epi yo dwe ouvè a fidbak ak antrenè lè sa nesèsè. Done yo pral kontwòle pandan tout ane a nan reyinyon done ki enplike pwofesè sa yo : Ms Hill, Ms. Harp, Ms. Kearse ak Doktè Porter-Smith. Reyinyon sa yo ap fèt chak twa semèn. Doktè Porter Smith responsab MTSS ak sipò gradyèl pou etidyan yo. Yo pral bay evalyasyon fòmatif epi ki akimile yon jan kontinyèl pandan ak apre chak inite.

AKSYON PLAN B

Nan Matematik, nou pral sèvi ak gid ritme ki soti nan Lekòl Piblik Orange County a pou fè Kalandriye nou yo ki konsantre sou ansèyman. N ap itilize yon varyete resous pou chak Nivo ansèyman. Sa yo enkli Go Math ak My Path.

Yo pral bay tou yon Envantè Konpetans ki nesèsè nan plizyè nivo pandan premye nèf semèn yo. Sa ap ede idantifye twou vid nivo klas anvan an ki genyen ke yo dwe ranpli pandan entèkansyon matematik ak ansèyman ti gwoup. Done yo pral kontwole pandan tout ane a nan reyinyon done ki enplike pwofesè a, Ms. Hill, Ms. Kearse, Ms. Harp, ak Doktè Porter-Smith. Reyinyon sa yo ap fèt chak twa semèn. Yo pral bay evalyasyon fòmatif epi ki akimile yon jan kontinyèl pandan ak apre chak inite.

Pwogram konpitè gen ladan li My path pou ane KG- 8. Done ki ranmase nan pwogram nan ap itilize pou gide pwofesè yo nan ansèyman ak entèkansyon. Nap anboche anplwaye anplis pou asiste nou nan chwazi elèv pou leson entèkansyon sa yo.

Dr. Porter Smith responsab pou antrene epi bay model nan matematik epi bay sipò ak enstriksyon. Dr. Porter Smith, Ms. Hill, Ms. Kearse ak Ms. Harp monitore pwogrè etidyan atravè reyinyon done. Pwofesè yo responsab pou mete an naplikasyon pi bon pratik tout tan epi resevwa fidbak ak antrènman lè sa nesèsè.

6. Idantifikasyon chak eleman nan pwogram edikasyon lekòl la apwouve ki pa te aplike jan sa dekri nan aplikasyon inisyale apwouve oswa nan kontra inisyale lekòl la.

Nou te mete sou plas pwogram edikasyon ki dekri nan aplikasyon inisyale ke nou te apwouve.

7. Plan detaye pou abòde chak defisyans idantifye nan souparagraf (4)(a)6. Nan règ sa a, ki gen ladan aksyon espesifik, moun ki responsab, resous ki nesesè, ak delè.

Kòm popilasyon nou omojèn anpil jan sa endike nan seksyon 4, seksyon sa a pa vante pa sou gwoup. Plan pou vize domèn defisyans pou lekòl la an jeneral yo te dekri nan seksyon 6. Anplis bezwen akademik timoun yo ki mansyone pi wo a, nap travay tou pou nou ranfòse kapasite sosyo-emosyonèl timoun nou yo atravè plan salklas ki adapte a kilti ki gen ladan li estrateji tankou reyinyon maten.

8. Idantifikasyon lòt baryè nan siksè elèv yo, ak yon plan detaye pou abode chak baryè ki gen ladan li aksyon espesifik, moun ki responsab, resous ki nesesè, ak delè.



Nou idantifye kat domèn tagèt pou adrese ki kapab yon nwizans pou reyisit nan lekòl. Bagay sa yo enkli yon bezwen pou devlopman pwofesyonèl anplwaye atravè pratik ansèyman ekspres ak refleksyon, motivasyon ak angajman etidyan, otonòmi fanmi, ak yon bezwen pou sipò nan men patnè kominote yo.

Devlopman Pwofesyonèl

Etabli epi ankouraje yon mantalite kwasans atravè devlopman pwofesyonèl kontinyèl anplwaye nou yo se yon faktè enpòtan nan siksè lekòl nou an. Ankouraje yon mantalite kwasans pa te janm pi enpòtan pase kounye a, apre pandemi mondyal la.

Pwofesè yo pral resevwa antrenè, modèl, ak atelye devlopman pwofesyonèl sou bay ansèyman solid ak enteresan lèl sèvi avèk metodoloji aprantisaj ki genyen ant pwogram etid ak melanje. Devlopman pwofesyonèl pral gen ladan pliyè sesyon ki konsantre sou Estanda B.E.S.T. Florida, resous teknoloji aprantisaj, adaptatif, estrateji aprantisaj ki genyen ant kourikoulòm yo, epi byen sèvi ak resous kourikoulòm nou yo chwazi pou ede anseye estanda sa yo.

N ap kontinye egzekisyon Pwojè Prèy la epi analize travay akademik pou ede mezire si entelektiyèl yo metrize nòm yo. Pwofesè yo pral swiv, kontwòl, epi reflechi sou kwasans yo pandan tout ane a an pwen estratejik yo, tankou oktòb, desanm, mas ak me.

Motivation Etidyan

Woutin regilye ki an plas nan lekòl nou an pou ogmante motivasyon yo enkli asanble lekòl yo, reyinyon chak maten pou konstwi yon kominote, pwogram ankourajman nan tout lekòl la, detèmine objektif endividyèl etidyan yo, epi detèmine tou objektif klas ak gwoup. Lè yo pèmèt sa, klèb apre lekòl ak opòtinite anrichisman ap disponib.

Otonomi fanmi

Nap Ford Community School se yon kote ki akeyi epi valorize fanmi. Objektif nou se pou fè manm fanmi yon pati aktif edikasyon pitit nou epi santi ke lekòl nou se yon plas kote yo kapab mande èd lè yo bezwen.

Lè nou te fè sondaj sou fanmi nou yo, nou te dekouvri ke anpil nan fanmi nou yo bezwen resous nan kominote a pou ede yo nan wòl moun kap bay swen yo. Nou te fè yon efò pou konekte fanmi nou yo ak resous sa yo ki gen ladan li enèji finansye ak asistans pou lokasyon, alfabetizasyon finansye, edikasyon pwopriyete kay, ak pwogram gadmanje.

Patnè kominotè

Li enposib pou nou bay yon edikasyon kalite ak posiblite ki nesèsè pou timoun yo reyisi san èd patnè kominotè. Direktris jeneral lekòl nou , Jennifer Porter-Smith, responsab pou idantifye epi jwenn patnè ki kapab bannou resous ki nesèsè pou lekòl nou. Atravè don jenere, nou bay chak elèv soti nan matènèl rive nan 8yèm ane yon aparèy aprantisaj ak koneksyon WI-FI, si sa nesèsè.

9. Rezilta espesifik elèv yo dwe reyalize

Avèk leta ki adopte estanda evalyasyon ki pi estrik, ak nòt ribrik ki pi sevè, li difisil anpil pou jwenn nòt lèt "B" ak "A". Sepandan, nou prepare pou fè ajisteman ak koreksyon pandan plizyè ane kap vini yo pou amelyore nòt lèt nou nan "A". Tanpri gade tablo ki anba a.

PRENTAN FSA 2023											
Non Lekòl la	ELA	ELA Gains	ELA Pi ba 25%	Math	Math Gains	Math Gains Pi ba 25%	Syans	Syans Sosyal	Akselera tè Klas Mwayèn	Total	Nòt 202
LEGENDS ACADEMY K-8	39	NYA	NYA	53	NYA	NYA	21	49	93	NYA	NYA
OBJEKTIF-PRENTAN 2024											
LEGENDS ACADEMY	50	68	75	60	75	76	35	65	95	599	